



Si w pa vwayaje nan yon zòn kote COVID-19 la

pwopaje oswa si w pa gen kontak ak yon moun ki vwayaje, epi w vin gen sentòm respiratwa, gen anpil chans ke w gen yon maladi sezonye tankou lagrip olye ke se COVID-19.



Anjeneral dispozisyon pou suiv pou pwoteje tèt ou kont COVID-19, se menm dispozisyon ak sa moun konn pran kont lagrip.



Pifò moun ki pran COVID-19

pa bezwen entènè lopital; sentòm yo byen souvan lejè ase pou pèmèt yo refè etan yo lakay yo.



Sèl lè w bezwen swen medikal

se si w vin gen yon kondisyon medikal ki menase lavi, tankou souk kout grav, chanjman nan eta mantal, dezidratasyon grav oswa lòt konplikasyon.

> **Kontakte pwofesyonèl swen sante w epi rele davans si w gen lentansyon ale pran swen medikal**